

	PAS BAHASA SUNDA KELAS 3 Nama : _____ Kelas, No : _____ / _____ Hari, tanggal : _____	Nilai	TTOT 
---	---	------------------------------------	---

SABILULUNGAN

Bada Isa, Mida jeung dami ngariung di patengahan jeung bapana, Pa Upa.

- Mida : "Pa ari sabilulungan téh naon?"
- Pa Upa : "Sabilulungan téh sami sareng gotong royong. Aya naon Mida naroskeun sabilulungan?"
- Mida : "Abdi téh badé ngiringan rampak sekar, ari laguna "Sabilulungan". Saur Bu Téti, abdi kedah apal maksudna éta lagu. Disawalakeun sareng réréncangan."
- Pa Upa : "Oh kitu"
- Mida : "Gotong royong téh sami sareng kerja bakti nya, Pa?"
- Pa Upa : "Sami, sabilulungan, gotong royong, kerja sama, dina intina mah ampir teu aya béntenna. Eta téh saé, asal ulah sabilulungan dina kaawonan . sabilulungan dina padamelan anu saé, hasilna ogé tangtos saé. Malah biasana mah langkung saé dibandingkeun sareng dipidamel ku sorangan. "
- Mida : "Ari hubunganana sareng persatuan kumaha ,Pa?"
- Pa Upa : "Raket pisan, apan disebatna dina laguna ogé, sabilulungan téh nembongkeun ayana persatuan. Ku ayana sabilulungan sareng persatuan, urang tiasa langkung kiat, langkung tohaga. Contona baé ramo. Ramo téh aya lima upama dianggona hiji-hiji mah, moal sabaraha gunana, sareng moal kiat deuih. Tapi upama dianggona sareng limaana, tiasa dianggo sagala rupi. Sok geura ku Mida sareng Dami émutan.
- Dami : "Muhun nya."
- Pa Upa : "Cing, sok Apa hoyong ngupingkeun kumaha lagu "Sabilulungan" téh"

A. Pek ayeuna jawab pananya di handap!

1. Naon nu dimaksud sabilulungan téh?

2. Naon sababna Mida nanyakeun kecap sabilulungan ka bapana?

3. Nu kumaha sabilulungan anu hadé téh?

4. Naon hubunganana sabilulungan jeung persatuan?

5. Cik sebutkeun contona sabilulungan anu aya dina awak urang?

B. Pilih jawaban nu pangbenerna!

6. Sapeupeuting hujan ... jeung dor- dar gelap.
A. girimis B. ngecrek C. ngagebrét
7. Usum ... loba walungan anu saat.
A. halodo B. ngijih C. dangdarat

8. Usum ... patani tara kakurangan cai.
A. halodo B. ngijih C. mamaréng
9. Cangra – langit – pihujaneun – taya
Susunan kecap jadi kalimah anu bener nyaéta ...
A. taya langit pihujaneun cangra.
B. langit cangra taya pihujaneun.
C. taya pihujaneun cangra langit.
10. Langit – sora – di – guludug – kadéngé
Susunan kecap jadi kalimah anu bener nyaéta ...
A. Di langit kadéngé sora guludug.
B. Sora kadéngé di langit guludug.
C. Guludug kadéngé sora di langit.
11. Di sakola Mida miluan ...
A. pasalingsingan
B. disawalakeun
C. rampak sekar
12. Mida sok hudang isuk kénéh pisan ... ka cai.
A. tuluy B. ari C. lantaran
13. Kamari Héri teu sakola Nyeri beunteung.
A. tuluy B. ari C. lantaran
14. , abdi badé nambut pamupus!
Kecap nu merenah ...
A. punteun B. sampurasun C. wilujeung
15. Ngadangukeun kawih “ Sabilulungan”
Kecap nu merenah ...
A. punteun B. sampurasun C. wilujeung

C. Ngalengkepan kalimah ku kecap anu merenah!

16. Ayeuna mah di Ciparay gé geus robah.
17. Kalapa – disamber – tangkal – gelap.
Susunan kalimah anu bener nyaéta
18. Tentara urang ayeuna mah geus pakarangna.
19. , abdi hilap teu ngabantun jidar!
20. , mugi – mugi salamet di perjalanan.

